



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 29 janvyè 2013

**GOUVENE CUOMO ANONSE ETA NEW YORK AP DIRIJE BATAY NASYON AP MENNEN KONT SETIPSEMI –
PREMYE KOZ LANMO NAN LOPITAL – EPI FE GWO AMELYORASYON NAN SWEN PEDIYATRIK ATRAVE
“REGLEMAN RORY YO”**

***Depatman Sante Pibliye Regleman sou Swen Septisemi ak Pedyatrik Ki Bay sou Pwomès Sityasyon Eta
a pou Tabli yon Modèl Ekselans pou Swen\Malad nan New York***

Premye Refòm Septisemi nan Peyi a Sipoze Sove 5.000 rive 8.000 Vi nan New York Chak Ane

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta New York pral mennen nasyon an lè lap vinn premye eta kap mande tout lopital adopte pi bon pratik pou idantifikasyon byen bonè ak tretman septisemi, yon maladi ki se premye kòz lanmo nan lopital epi onzyèm kòz prensipal lanmo nan Etazini. Mezi sa yo, ki pral aplike atravè regleman Depatman Sante a te pibliye yo, pral sove apepre 5.000 rive 8.000 vi chak ane.

Anmenm tan, Gouvènè a te anonse tou Depatman Sante a pral pibliye regleman ki pwopoze yo pou bay garanti sèl bezwen malad pedyatrik yo respekte ak egzijans, pa egzanp, lopital yo genyen pou bay rezilta tès enpòtan yo nan yon langaj senp pou paran anvan yon timoun jwenn egzeyat li pou soti nan lopital la. Regleman yo mande lopital pou poste yon “Deklarasyon Dwa Paran” kap enfòmè paran ak malad sou pwoteksyon enpòtan regleman sa yo bay. Refòm swen septisemi ak swen pedyatrik sa yo ki te nan angajman nan diskou 2013 Gouvènè a sou Sityasyon Eta a pou New York tabli yon “modèl Ekselans” pou swen malad.

Inisyativ sa yo, ki ansanm rele “Regleman Rory,” te anonse jodia ansanm ak patisipasyon Ciaran ak Orlaith Staunton, ki gen pitit gason 12 lane yo, Rory ki te mouri ak septisemi nan mwa avril 2012, epi ki te plede san rete depi lè sa pou ogmante priz konsyans sou septisemi epi pou amelyore jan swen pedyatrik ap bay nan lopital.

“Lè li adopte regleman ki pwopoze yo jodi a, New York pral lidè nasyon an epi tabli yon modèl ekselans pou swen malad lòt eta yo dwe swiv,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen felisite sila yo nan kominote swen sante a ki te travay sere sere ak Depatman Sante nou an pou devlope nouvo regleman sa yo, ki pral sove plizyè milye vi nan New York. Mwen apresye sensèman tou fanmi Staunton pou fòs ak angajman san fay yo nan travay fondamantal sa.”

Haitian Creole

Ciaran ak Orlaith Staunton te di konsa “Nou vle remèsye Gouvènè Cuomo, Komisyonè Sante a, Dr. Shah ak tout sila yo ki te travay di pou rann posib batay kont septisemi an nan yon mannyè pi agresif ak ijan. Nou rekonesan tou pou atansyon yo bay swen pedyatrik spesyalman nan sal ijans. Pitit gason nou Rory te you defansè pòv yo, ki te konprann ede sila yo ki nan bezwen te youn nan leson pi enpotan nan lavi a. Nou konnen sa li te vle se pou pèsonn pa souffri sa li te souffri epi pou okenn fanmi pa dwe rete ak de bra yo koupe alòske lavi kapab sove. Nou panse aksyon gouvènè a ak Komisyonè Sante a se yon gwo tonton pa nan bon direksyon a.”

Manm Komisyon Sante Eta a, Nirav R. Shah, MD, MPH, te di konsa “Deteksyon byen bonè septisemi se yon zouti enpòtan pou trete maladi ki menase lavi epi pou sove lavi. Ak itilizasyon nòm ki baze sou prèv, nou te jwenn pwotokòl enpotan pou amelyore sante malad septisemi. Anplis, nap pran lòt mezi pou garanti enfòmasyon vital sou sante timoun, tankou rezilta laboratwa ak tès, ale jwenn vreman paran ak moun kap bay premye swen yo. Grasa Gouvènè Cuomo, New York se yon lidè nan aplike mezi enpòtan sa yo.”

Septisemi se yon arè ofiamezi nan fonksyonman ògan ak sistèm kò a ki koze pa enflamasyon sistematik apre enfeksyon ki rantre nan san ouben pati mou yo. Plis pase 750.000 ameriken trape setisepmi chak ane, epi plis pase 200.000 mouri ak sa, sa ki fè li se premye kòz lanmò nan lopital epi onzyèm kòz lanmò nan tout Etazini, li tiye plis moun chak ane pase SIDA, kansè pwostat, ak kansè tete ansanm. Sila yo ki pa mouri anpil fwa viv konsekans chanjman nan vi yo tankou pèdi manm yo ouben move fonksyonman ògan yo. Akòz prevalans ak konsekans li, septisemi pote gwo depans medikal, ki kalkile pou apeprè \$17 milya chak ane nan depans nasyonal pou swensante.

Ekspè rekonèt kle pou konbat septisemi se garanti dyagnostik ak tretman rapid nan “lè kritik” li kapab pi efikas. Inisyativ pilòt nan kèk sistèm lopital te montre gwo pwogrès nan diminye kantite moun ki mouri ak septisemi atravè aplikasyon efikas sa ki se esansyèlman yon “lis kontwòl”: yon pwotokòl standadize pou facilite dyagnostik a rapid ak egzak ak tretman rapid ak efikas menm lè septisemi an deklare. Men okenn leta pa egzije pou pwotokòl senp sa yo aplike nan tout lopital.

Regleman yo te anonse jodia a pral fè New York vinn premye eta nan nasyon an kap mande tout lopital adopte pwotokòl ki chita sou prèv pou dyagnostik ak tretman byen bonè septisemi. Spesyalman, lopital yo pral blije adopte pwotokòl ki mande:

- Depistaj ak rekonesans byen bonè malad ki souffri septisemi, septisepmi grav ak chòk septisemik;
- Yon pwosesis pou idantifye ak dokimante moun ki bwzwen tretman atravè pwotokòl septisemi gwav; epi
- Konsèy pou tretman ki gen ladan preskripsyon rapid antibyotik.

Pwotokòl dwe chita sou prèv epi sou nòm swen ki rekoni epi gen ladan l'eleman ki spesifik pou idantifikasyon, swen ak tretman granmoun ak timoun epi eksplike klè lè apwòch yo diferan pou granmoun ak timoun.

Haitian Creole

Konsèy Depatman Sante pral pibliye apre adopsyon regleman sa yo pral souliyen objektif spesifik ki defini rechèch aktyèl yo parèt se pi bon pratik: pa egzanp, kontinye ak bay antibiyotik nan limit 1 èd tan apre dyagnostik septisemi, ak aplikasyon lòt eleman pwotokòl nan 3 ouben 6 èdtan (pou septisemi grav ak chòk septisemik) jan sa nesèsè. Rantre enfòmasyon sa yo nan materyèl pou bay konsèy pral pèmèt aktyalize enfòmasyon yo sou baz dekouvèt ki fèt nan rechèch ak pwogrè syantifik.

Fòk Depatman Sante apwouve pwotokòl yo ki dwe aktyalize regilyèman, epi yo mande lopital yo pou asire yo manm pèsònè lopital yo fòme nan pwotokòl sa yo. Regleman yo mande tou pou lopital yo ranmase enfòmasyon ak bon jan mezi pou pote amelyorasyon entèn, epi voye enfòmasyon yo bay Depatman Sante ki pral itilize yo nan travay kontwòl yo epi aktyalize meyè pratik yo.

Dezyèm lo regleman yo te anonse jodi a pote refòm esansyèl nan amelyore kalite ak sipèvizyon swen yap bay malad pedyatrik yo, gi gen ladan tou mezi ki pran pou ranfòse kapasite paran pou jwe yon wòl enpòtan ak entelijan nan dezisyon ki konsènen swen sante yon timoun. Spesyalman, regleman yo te anonse yo pral mande lopital yo pou premye fwa pou yo aplike pwosedi ki vle pou pran ak founisè premye swen yo resevwa enfòmasyon esansyèl sou swen timoun yo, spesyalman nan fasilite pataj tèt ak rezilta laboratwa esansyèl yo. Regleman yo prezante jodi a mande pou lopital yo devlope epi aplike politik ak pwosedi pou:

- Asire tyon doktè, asistan doktè ou byen yon enfimiyè lisansye egzamine tout rezilta tès yo lè yo fini;
- Mande idantite moun kap bay premye swen pou yon malad, si gen yon, nan admisyon, epi voye tout rezilta tes yo bay moun kap bay premye swen;
- Entèdi egzepat malad jiskaske rezilta tès yo atann pou bay “valè kritik” – ki menase lavi ou byen lòt eta ki mande atansyon doktè touswit – fini epi kominike; epi
- Kominike anvan egzepat tou kategori tes ki te preskri, tout reziltat tès ki kritik, epi si genyen, tès (ki pa kritik) ya p tann toujou; epi
- Mete kominikasyon sa yo nan yon langaj senp, konpreyansib pou malad ak paran malad oubyen moun kap pran dezisyon medikal yo, jans sa nesèsè.

Regleman medikal yo pral fè refòm esansyèl nan swen pedyatrik jan yo mande lopital yo. pou:

- Pèmèt paran ak moun kap gade timoun rete ak timoun malad yo pandan yap resevwa swen, tankou tou pèmèt yon paran oubyen gadyen rete ak timoun malad la toutan;
- Asire lopital yo kap resevwa timoun gen pèsònèl, resous ak ekipman apwopriye pou timoun epi etabli politik ak pwosedi pou transfere timoun lè sa nesèsè epi apwopriye.

Pou pèmèt paran ak malad konnen pwoteksyon yo genyen nan regleman sa yo, regleman yo mande lopital yo mete pwoteksyon sa yo nan yon “Deklarasyon Dwa Paran” pou fè malad ak paran konnen sa yo gen dwa ak yo kapab patisipe plis nan swen yo.

Ken Raske, Prezidan, Greater New York Hospital Association (GNYHA), te di konsa “Lè yo foki sou eta sante difisil, Governor Cuomo anko yon fwa montre vre lidship. Lopital New York angaje yo jis nan kou pou sove lavi atravè idantifikasyon ak tretman eptisemi, epi angaje yo pou kontinye travay etrwatman

ak Depatman Sante New York pou batay agresivman kont septisemi. Soti janvye 2011 rive septanm 2012, 55 lopital ki nan GNYHA/United Hospital Fund (UHF) *STOP Sepsis Collaborative* – ki gen kòm sèl objektif diminye kantite moun kap mouri ak septisemi ak chòk septisemik - te reyisi yon diminyasyon 22% nan to mòtalite malad ki ospitalize pou septisemi grav.”

Prezidan Healthcare Association of New York State (HANYs) la, Daniel Sisto, te di konsa, “Inisyativ septisemi Gouvènè Cuomo a pral bay yon gwo boustè nan travay tèt ansanm kap fèt pou batay kont maladi sa ki fini ak moun. HANYs angaje l pou travay ansanm ak manm nou yo pou kontinye amelyore swen pou septisemi, epi pou garanti malad pedyatrik ak moun kap bay swen yo ap jwenn tout sa yo gen bezwen. Na pral kontinye travay sere sere ak ekspè nasyonal tankou Surviving Sepsis Campaign la pou bay manm nou yo resous pou fòmasyon ak meyè pratik, epi travay ak Gouvènè a ak Depatman Sante a pou devlope regleman ki fèt pou amelyore kondisyon sante malad.”

Michael Dowling, prezidan ak Direktè Egzekitif, North Shore-LIJ Health System, te di konsa, “North Shore-LIJ gen chans pou travay ak fanmi Staunton sou yon deklarasyon dwa paran ki te pwopoze epi pou eksplike etap ki franchi nan diminye kantite moun ki mourai ak septisemi nan yon to 35 pousan depi 2008. Menmsi mwen konnen mwen pa ka menm mezire doulè a yo toujou santi nèf mwa apre lanmò Rory, Staunton yo ap onore memwa Rory atravè edikasyon yap bay piblik la ak sansibilizasyon yap fè sou septisemi. Nou bezwen pale sou septisemi san kache, fòme klinisyen nou yo ak piblik la, epi ofri tout resous nou ka jwenn pou kwape li.”

Partnership for Quality Care Chair George Halvorson te di konsa, “Partnership for Quality Care kontan anpil pou l wè lidèship Gouvènè Cuomo te montre nan batay pou l diminye kantite moun kap mouri ak septisemi. Septisemi se premye kòz lanmò nan lopital ameriken jodi a – li tiye plis malad pase kansè ouben kriz apopleksi. Etap Eta New York ap franchi pou pi byen idantifye ak trete maladi grav sa pral ekonomize lajan, amelyore kalite swen nan lopital, epi sak pi enpòtan, sove lavi yon fason ou pa ka konte. Antanke yon rasanbleman nasyonal travayè ak founisè swen sante – ak lòt patnè nan tout eta New York – nou fyè pou n wè Empire State la ap ede eklèsi chimen kap mennen nan pi bon kalite swen sante nan tout nasyon an.”

Terence Brady, MD, FACP, Prezidan ak Brad Sherman, MD, FACP, Quality Chair, tou de nan New York Chapter of the American College of Physicians te di konsa, “Septisemi se yon maladi lè li pa dyagnostike ka koze lanmò malad, men le li dyagnostike bonè epi trete agresivman ka gen bon rezilta nan tretman an. Nou angaje sipo Chapter nou an pou distribisyon ak aplikasyon liy direktiv yo pou ogmante kominikasyon ak edikasyon ki se yon etap nesèsè pou amelyore swen malad.”

Nan mwa oktob 2012, Komisyone Shah te konvoke yon panel ekspè pou diskite strateji ak inisyativ pou amelyore deteksyon ak tretman septisemi, ak yon objektif pou amelyore kantite moun ki pa mouri nan Nouyok ak nan tout nasyon. Panel la egzamine aktivite ki fet nan kolaborasyon ak Greater New York Hospital Association (GNYHA) an ak United Hospital Fund (UHF) nan 57 lopital nan New York, epitou pwoje enpotan lopital te aplike nan lot eta Draft Regleman New York montre kek nan strateji efikas ki genyen nan pwogram sa yo.

Haitian Creole

Toude je regleman yo pral soumet bay New York State Public Health and Health Planning Council (PHHPC) la pou konsiderasyon nan dat 7 fevriye 2013, epi pral pibliye nan Rejis leta a pandan peryòd 45 jou pou kòmantè yo. Apre revizyon ak apwobasyon PHHPC a, yo prevwa regleman yo pral komanse aplike nan mwa me 2013. Selon regleman sepsis yo, lopital dwe soumet pwotokol bay Depatman Deta Sante a pou revizyon anvan premye jiyè 2013 epi pral gen obligasyon aplike pwotokol yo pa pita pase 45 jou apre apwobasyon Depatman an. Teks konple regleman yo pral disponib jodi a sou sitweb Depatman Sante a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418